**दिन—मंगलवार** **दिनांक—13.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य मंत्रिमंडल बिहार आ झारखंडक मध्य सोन नदी जल बंटवारा सँ संबंधित एकरारनामा प्रारूप के स्वीकृति प्रदान कऽ देलक अछि। एकर संगहि, कतेको बरख सँ लंबित इन्द्रपुरी जलाशय परियोजनाक कार्यान्वयनक मार्ग प्रशस्त भऽ गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। मंत्रिमंडलक बैसकक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव अरविन्द कुमार चौधरी जनौलनि जे आब सोन नदी सँ बिहार के पांच दशमलव सात—पांच मिलियन एकड़ फीट पानि जखनकि, झारखंड के दू मिलियन एकड़ फीट पानि भेटत। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे बैसक मे भिन्न—भिन्न विभाग मे कुल नओ सय एकसठि पद पर नियुक्तिक निर्णय कयल गेल। सभ सँ बेसी छओ सय चौरानवे पद पर कृषि विभाग मे नियुक्ति होयत। ओ जनौलनि जे कैबिनेट रोहतास मे सीमेंट फैक्ट्रीक स्थापना के सेहो मंजूरी देलक। एहि लेल एक सय सात करोड़ बत्तीस लाखक स्वीकृति देल गेल अछि। एकर अतिरिक्त रोहतासक बंजारी स्थित डालमियां स्थित सीमेंट फैक्ट्रीक विस्तार के सेहो मंजूरी प्रदान कयल गेल।

कैबिनेट पीएम—श्री योजनाक अंतर्गत चालू वित्तीय वर्ष मे सात सय उनासी माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय सभक लेल चौदह अरब पचासी करोड़ टाकाक राशि के स्वीकृति प्रदान कयलक। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट कंडक्टर के लाईसेंसक लेल शैक्षणिक योग्यता दशवीं सँ घटा कऽ आठवीं करबाक प्रस्ताव के मंजूरी देलक अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे कैबिनेट दरभंगा हवाई अड्डा लऽग लॉजिस्टिक पार्क आ कार्गो हब के निर्माणक लेल चिन्हित पचास एकड़ भूमिक अधिग्रहणक लेल एक सय अड़तीस करोड़ टाका सँ बेसीक राशि स्वीकृत कयलक। एक आन निर्णय मे कैबिनेट सात निश्चय—तीन के अंतर्गत योजना सभक पर्यवेक्षण आ अनुश्रवणक जिम्मा बिहार विकास मिशनक के सौंपबाक प्रस्ताव के मंजूरी प्रदान कयलक।

---

बिहार मे सात निश्चय–तीन के अंतर्गत अस्सी वर्ष आ ओहि सँ बेसी उमेरिक लोक सभ कैँ आब घरहि पर जमीन आ फ्लैटक रजिस्ट्री करबाक सुविधा भेटत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे ई सुविधा एक अप्रील सँ प्रभावी होयत। ओ जनौलनि जे एहि लेल मद्य–निषेध, उत्पाद आ निबंधन विभाग द्वारा चलंत निबंधन इकाई के माध्यम सँ निबंधनक सुविधा प्रदान कयल जायत। निबंधनक प्रक्रिया सात कार्य दिवसक भीतर सुनिश्चित कयल जायत। मुख्यमंत्री लोक सभ सँ एहि संबंध मे उन्नैस जनवरी धरि सुझाव सेहो मंगलनि अछि।

————————————————————

उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे प्रदेश मे नव उद्योगक स्थापनाक लेल सरकार भूमि बैंकक गठन करत। किशनगंज मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एहि लेल लगभग छब्बीस हजार करोड़ टाका खर्च कऽ भूमि अधिग्रहण कयल जायत। श्री जायसवाल कहलनि जे एहि सँ नव उद्योग सभ कैँ भूमि भेटवा मे आसानी होयत आ निवेशक सभ के आकर्षित कयल जायत, संगहि कतेको नव उद्योग सभ सँ शीघ्रहिं उत्पादन आरंभ भऽ जायत।

————————————————————

ऊर्जा विभाग सात निश्चिय–तीन के अंतर्गत बिजली उपभोक्ता सभक शिकायतक त्वरित समाधानक लेल प्रत्येक सप्ताहक सोम दिन आ शुक्र दिन कऽ जनसुनवाई के व्यवस्था कयलक अछि। ई नव व्यवस्था उन्नैस जनवरी सँ प्रभावी होयत।

————————————————————

बिहार राज्य महिला आयोग पूर्णियांक डगरूआ थाना क्षेत्र मे एक युवतीक संग सामूहिक दुष्कर्म आ पटनाक चित्रगुप्त नगर थाना क्षेत्र मे एक युवतीक संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्युक मामिला मे स्वतः संज्ञान लैत दोषी सभक विरूद्ध कार्रवाई करबा आ एकर रिपोर्ट आयोग के सौपबाक प्रशासन के निर्देश देलक अछि।

————————————————————

मकर संकरातिक पूर्व संध्या पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटना स्थित अपन सरकारी आवास पर दही–चूड़ा भोजक आयोजन कयलनि। एहि भोज मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सहित एनडीएक विभिन्न घटक दलक नेता सम्मिलित भेलाह। भोज मे जनशक्ति जनता दल प्रमुख तेजप्रताप यादव सेहो सम्मिलित भेलाह।

————————————————————————————

काल्हि मकर संकरातिक पावनि मनाओल जायत। एहि अवसर पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु गंगा सहित आन पवित्र नदी आ पोखरि सभ मे आस्थाक डुम्मी लेताह।

————————————————————————————

समाप्त